Kurarama Nenzira Inofadza Mwari (Chikamu 1)

Nyaya iyi inobva muchitsauko 12 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* uye riripowo pajw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda uye kuti nei uchizvitenda, uye ona kuti Bhaibheri rinodzidzisa kuti kudii, woona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.

ZVINOITA HERE KUVA SHAMWARI YAMWARI?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Nei vamwe vanhu vangati hazviiti?

Nei vamwe vangati zvinoita?

Ko *iwe* unoti kudii?

Nei uchidaro?

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2 ONGORORA ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI

Vanhu vakatendeka vanotaurwa muBhaibheri,vaiva shamwari dzaMwari.

(Verenga ndima 1-3 dzechitsauko 12 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga Dhanieri 9:23, Mabasa 13:22, uye Jakobho 2:23.

Taura vanhu vatatu vainzi naMwari ishamwari dzake.

Verenga Genesisi 22:18.

Nei Mwari aiona vanhu ava seshamwari dzake? (Zvingakubatsira: Ona Pisarema 25:14.)

Sezvinongoitawo shamwari dzechokwadi dzinobatsirana panguva yenhamo, Shamwari yedu yepamwoyo, Jehovha, anotibatsira patinenge tichida kubatsirwa

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Jehovha anosimbisa shamwari dzake kuti dziite zvakarurama.

(Ona ndima 4-5 dzechitsauko 12 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga 2 Makoronike 16:9.

Sezvinotaurwa muvhesi iyi, Jehovha anoda chaizvo kuitei?

Verenga Pisarema 32:8 uye 55:22.

Jehovha anobatsira shamwari dzake munzira dzipi mbiri?

Kuziva kuti Jehovha anoda kuti uve shamwari yake kunoita kuti unzwe sei?

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Sezvo Mwari ari wemasimbaose, hazviiti kuti vanhu vave pedyo naye.

UNGANGOMUTI . . .

Ndizvo zvinofungwa nevakawanda. Asi ini handidaviri izvozvo nekuti . . .

_____

_____

Ungamuverengera vhesi ipi?

_____

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

_____

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Unenge uri munhu akatosiyana nevamwe vese kuti uzova shamwari yaMwari.

UNGANGOMUTI . . .

Ichokwadi kuti Bhaibheri rinotaura nezvezvinhu zvinoshamisa zvakaitwa nedzimwe shamwari dzaMwari. Asi ndinodavira kuti *munhu wese* ane mukana wekuva shamwari yaMwari nekuti . . .

_____

_____

Ungamuverengera vhesi ipi?

_____

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

_____

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania